



Pou Piblikasyon Imedya: 25/08/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ELAJISMAN ELIJIBILITE A POU PWOGRAM SIBVANSYON 800 MILYON DOLA POU REDRÈSMAN TI ANTREPRIZ YO NAN KAD PANDEMI COVID-19 LA**

***Nou Ankouraje Ti Antrepriz ki gen Revni Rive Jiska 2.5 Milyon Dola epi k ap Eksperimante Difikilte Finansye Poutèt COVID-19 Yo pou Yo Aplike pou Sibvansyon pou Jiska 50,000 Dola***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul anonse chanjman nan [Pwogram Sibvansyon 800 Milyon Dola pou Redrèsman Ti Antrepriz Yo Nan Kad Pandemi COVID-19](#) Eta New York la ki pral pèmèt plis ti antrepriz aplike pou finansman. Apati jodi a, antrepriz ki gen revni rive jiska 2.5 milyon dola yo ka aplike pou sibvansyon, alòske limit la anvansa se te 500,000 dola. Anplis, limit pou antrepriz ki te resevwa prè nan Pwogram Federal Pwoteksyon Chèk Pewòl (Federal Paycheck Protection Program) yo ogmante soti 100,000 dola pou rive 250,000 dola.

**Gouvènè Hochul di:** "Sipòte ti antrepriz atravè eta nou an ki te pran gwo frap akòz pandemi an se premye priyorite administrasyon m nan." "Li senp, nou paka gen yon redrèsman ekonomik konplè si kominote ti antrepriz la kontinye ap pase mizè pou l siviv. Avèk Pwogram Sibvansyon pou Redrèsman Ti Antrepriz yo nan Kad Pandemi an k ap bay ouvèti pou yon pi gwo kantite antrepriz, mwen vreman ankouraje tout pwopriyetè ki kalifye yo pou yo soumèt aplikasyon yo pou yo ka aksede ak finansman sa a."

Pwogram nan, ke nou te lanse nan mwa jen an, te konsantre anvan sou ti antrepriz ak mikwo antrepriz atravè Eta New York la, ke yo te ekskli anpil nan inisyativ federal redrèsman antrepriz yo. Empire State Development (ESD) ak patnè li yo te travay di pou asire ke antrepriz sa yo gen asistans teknik la - ki gen ladan l konsèy pandan pwosesis aplikasyon an ak sipò pou simonte baryè lengwistik yo - yo dwe premye priyorite nan pwogram sa a. Jiska dat jodi a, gen plis pase 48 milyon dola yo te akòde bay plis pase 2,380 ti antrepriz ak mikwo antrepriz nan toulè dis rejyon eta a. Modifikasyon ki anonse jodi a asire ke gen ti antrepriz adisyonèl ki ka aksede pi rapid ak finansman atravè pwogram nan.

ESD ak Lendistry, Enstitiyon Finansye pou Devlopman Kominotè ke yon minorite ap dirije a, ke yo te seleksyone pou administre pwogram nan, pral kontinye aksepte epi analize aplikasyon yo. Nou ankouraje tout aplikan aktyèl yo - sa ki poko finalize aplikasyon yo, sa ki poko telechaje dokiman yo oswa sa ki gen dokimantasyon ki pa konplè - pou yo finalize aplikasyon yo a pi vit posib. Ti antrepriz ki pat elijib anvan yo mèt kòmanse aplike jodi a, epi y ap kòmanse trete aplikasyon sa yo mèkredi 8

septanm. Ou ka jwenn plis enfòmasyon, ki gen ladan l direktiv pwogram nan ak aplikasyon pou sibvansyon an [la a](#).

**Direktè Operasyon ak Komisè Egzekitif Adjwen Empire State Development (ESD) lan, Kevin Younis te deklare,** "Pandemi kowonaviris la te yon defi san parèy pou kominote ti antrepriz eta a. Nan travay di pou asire ke mikwo antrepriz yo resevwa sipò dabò, pèmèt ti antrepriz adisyonèl aksede ak sibvansyon pou redrèsman yo, sa pral asire pi gwo rebondisman ki posib la pou ekonomi Eta New York la."

**Senatè Anna M. Kaplan, Prezidan Komite sou Komès, Devlopman Ekonomik ak Ti Antrepriz yo, di:** "Mwen goumen pou m rive bay 800 milyon dola kòm fon sibvansyon pou redrèsman nan kad pandemi an pou ti antrepriz New York yo, men jiskaprezan, pwogram nan te gen twòp restriksyon pou l te atenn tout antrepriz nou te gen entansyon ede avèk lajan sa yo. Mwen kontan ke Gouvènè Hochul ak Empire State Development te elaji elijibilite pou pwogram esansyèl sa a, pou nou ka bay ti antrepriz yo ki pi bezwen l yo, kòb sa a. Mwen ankouraje tout pwopriyetè ti antrepriz yo pou yo vizite [nysmallbusinessrecovery.com](http://nysmallbusinessrecovery.com) jodi a pou jwenn enfòmasyon sou pwogram nan epi gade si yo kalifye kounye a."

**Manm Asanble a, Harry Bronson, Prezidan Komite Devlopman Ekonomik Asanble a, di:** "Pandan antrepriz yo ap pran mezi ki nesèsè yo pou reprann tout operasyon yo, mwen konnen ke sipò eta a esansyèl pou siksè yo. Antanke pwopriyetè yon ti antrepriz, mwen viv eksperyans difikilte pwopriyetè yo ak anplwaye yo rankontre. Elajisman pwogram sa a pat ka pi byen rive, pandan avantaj chomaj yo pral fini nan pa lontan pou moun pandemi an afekte yo. Mwen konnen ke yon avni ki pi solid pou fanmi nou yo depannde kreyasyon antrepriz ki djanm avèk travay k ap peye byen epi pwogram sa a pral ede fè sa."

**Manm Asanble a, Al Stirpe, Prezidan Komite Ti Antrepriz Asanble a, di:** "Elaji elijibilite a pou Pwogram Sibvansyon pou Redrèsman Ti Antrepriz yo se yon etap lojik pou rive jwenn asistans finansye ki esansyèl pou plis antrepriz toujou epi pou yon redrèsman ekonomik kontinyèl, epi mwen kontan sa resi fèt. Nan pwogram 800 milyon dola sa a, se sèlman 48 milyon dola ke yo distribiye jiskaprezan - sa ki vle di ke gen finansman disponib pou ti antrepriz ki te pase mizè pou yo kenbe pandan pandemi an. Mwen ankouraje tout antrepriz ki nan bezwen pou yo aplike epi mwen pral travay avèk dilijans ansanm ak Gouvènè Hochul pou nou jwenn finansman sa a pi vit posib."

Sibvansyon pou yon atribisyon minimòm 5,000 dola ak yon atribisyon maksimòm 50,000 dola kalkile sou baz resèt brit anyèl yon antrepriz eta New York pou lane 2019 la. Depans ki ka ranbouse ki gen rapò ak COVID-19 yo dwe te fèt ant 1ye mas 2020 ak 1ye avril 2021 epi yo ka gen ladan yo depans pewòl; lwaye komèsyal oswa vèsman sou ipotèk pou pwopriyete ki baze nan Eta New York la; peman taks sou pwopriyete lokal oswa taks sou lekòl; asirans ak depans sèvis piblik; depans pou ekipman pou pwoteksyon pèsònèl ki nesèsè pou pwoteje sante ak sekirite travayè yo ak konsomatè yo; depans pou chofaj, vantilasyon ak klimatizè oswa lòt machin ak ekipman epi founiti ak materyèl ki nesèsè pou konfòmite ak pwotokòl sante ak sekirite nan kad COVID-19 yo.

ESD te kreye epi antretni yon sitwèb- [NYSBusinessRecovery.ny.gov](https://www.nysbusinessrecovery.ny.gov) - ki mansyone diferan resous ki disponib pou sipòte ti antrepriz k ap chèche sekou nan kad pandemi an. Mizajou sitwèb la fèt yon fason kontinyèl, oframezi gen plis detay ak enfòmasyon sou finansman k ap vin disponib.

###

Lèt nouwèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)